# ÁDEBIYATTANÍWDA KÓRKEM PSIXOLOGIZM TERMINI

**Joldasbaeva Biybixadisha Tlepbaevna** – *tayanısh doktorant*
biybiyjoldas98@gmail.com
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

# ТЕРМИН ХУДОЖЕСТВЕННОГО ПСИХОЛОГИЗМА В ЛИТЕРАТУРОВЕДЕНИИ

**Жолдасбаева Бийбихадиша Тлепбаевна** – *базовый докторант*
*Каракалпакский государственный университет имени Бердаха*

# THE TERM OF ARTISTIC PSYCHOLOGISM IN LITERARY STUDIES

**Joldasbaeva Biybixadisha Tlepbaevna** – *doctoral student*
*Karakalpak State University named after Berdakh*

**Tayanch so'zlar:** badiiy psixologizm, psixologik tahlil, empirik yondashuv, badiiy psixologik tasvir usullari, ruhiy holat tahlili, qahramon psixologiyasi.

**Rezyume.** Maqolada adabiyotshunoslik ilmidagi badiiy psixologizm tushunchasining kelib chiqishi, uning termin sifatida shakllanishi masalaları jahon, o'zbek va qoraqalpoq adabiyotshunosligi nuqtayi nazaridan ochib berilgan. Shu kungacha badiiy psixologizmga berilgan ta'riflarning empirik shaklda qolib ketganligi, aniq terminologik ma'nosini ochib berilmaganligi turli bahsli munozaralarga sabab bo'ladi. Aynan shu bahsli masalani tartibga solishda va badiiy psixologizmning terminologik ma'nosini aniqlashtirishda bu maqola yordam berishi mumkin.

**Ключевые слова:** художественный психологизм, психологический анализ, эмпирический подход, методы художественного психологического изображения, анализ душевного состояния, психология героя.

**Резюме.** В статье с позиций мирового, узбекского и каракалпакского литературоведения раскрываются вопросы происхождения понятия художественного психологизма и его формирования как научного термина. Тот факт, что существующие до настоящего времени определения художественного психологизма сохраняют преимущественно эмпирический характер и не раскрывают его точного терминологического значения, становится причиной различных научных дискуссий и полемик. Данная статья может способствовать упорядочению именно этой дискуссионной проблемы и уточнению терминологического значения понятия художественного психологизма.

**Key words:** artistic psychologism, psychological analysis, empirical approach, methods of artistic psychological depiction, analysis of the inner world, character psychology.

**Summary.** The article examines the origin of the concept of artistic psychologism and the issues related to its formation as a literary term from the perspectives of world, Uzbek, and Karakalpak literary studies. The fact that the definitions of artistic psychologism proposed to date have remained largely empirical in nature and have failed to reveal its precise terminological meaning has led to various scholarly debates and discussions. This article may contribute to the systematization of these controversial issues and to the clarification of the terminological meaning of artistic psychologism.

**Kirisiw.** Hár bir kórkem shıǵarmada turmısta júz bergen hám júz beriwi múmkin bolǵan waqıya-hádiyseler dóretiwshi tárepinen kórkem bayanlaw nızamlılıqlarına say óz sáwlesin tabadı. Avtor belgili bir dáwir hám onıń wákilleri haqqında qızıqlı syujet liniyasın sızadı, waqıyalardı bos bayanlap yamasa obrazdı ápiwayı súwretlep qoymastan, olarǵa túrli kórkem súwretlew usılları járdeminde kórkem-estetikalıq boyaw beredi. Shıǵarmadaǵı kórkem obraz hám onıń xarakterin tereń hám tolıq ashıp beriwde, sol arqalı pútin syujet barısı, ideyalıq baǵıtına tásir kórsetiwde psixologiyalıq súwretlew qurallarınan hám psixologiyalıq analizden ónimli paydalanadı. Qaharmannıń ishki dúnyasına kirip barıw, onıń ruwxıy álemindegi túrli psixikalıq "blok"lardı ashıw, kewil keshirmelerin, ishki gúyzelislerin súwretlew – ádebiyattanıw iliminde "kórkem psixologizm" termini menen ataladı.

**Ádebiyatlar analizi hám metodologiya.** Kórkem psixologizm termini psixologiyalıq analiz, psixologiyalıq súwret, psixologiyalıq súwretlew, ruwxıyat sáwlelendiriliwi, ruwxıy analiz terminleri menen aralasıp, bir-birine qarama-qarsı hám bir-birin tolıqtıratuǵın túsindirmeler aralaspasına aylanıp qaldı. Elege shekem bul terminlerdi aralastırıp qollanıw halatları ushıraydı. Biz bunı usı kúnge shekem kórkem psixologizm terminine empirikalıq táriypler berilgeniniń nátiyjesi dep bilemiz.

Ádebiyattanıwda psixologizmdi úyreniwdiń dáslepki basqıshlarında tiykarǵı itibar ilimiy-teoriyalıq anıqlamalarǵa qaratılmadı. Shıǵarmadaǵı qaharmannıń ishki ruwxıy halatın súwretlew ruwxıy analiz, psixologiyalıq analiz yamasa psixologiyalıq súwretlew terminleri menen túsindirildi. Bul terminlerge de anıq teoriyalıq anıqlama berilmegenliginen túrlishe atamalar qollanıldı. Ilimpazlar N.G.Chernıchevskiy, D.N.Ovsyaniko-Kulikovskiylar "psixologiyalıq analiz" [1], al A.P.Skaftimov "psixologiyalıq súwret" degen terminlerdi qollansa [2], túrli túsindirme sózliklerde de usı alımlardıń kózqarasları basshılıqqa alınadı. Psixologizm termini XX ásirdiń 40-jıllarınan baslap túsindirme sózliklerde de payda boldı. Solardan D.N.Ushakovtıń redaktorlawı tiykarında basıp shıǵarılǵan "Rus tiliniń túsindirme sózligi"nde psixologizm "kórkem ónerde ruwxıy keshirmelerdi sáwlelendiriwge, tereń súwretlewge, quramalı hám ótkir psixologiyalıq analizge beyimlilik (склонность к психологическому анализу)" [3:688], V.I.Chernishev redaktorlıǵındaǵı "Zamanagóy rus ádebiy tili sózligi"nde "ruwxıy hádiyselerdiń tereń súwretleniwi, tereń psixologiyalıq analiz" [4:1842] sıpatında táriyplenedi. Keyingi jıllardaǵı T.F.Efremova redaktorlıq etken "Rus tiliniń zamanagóy túsindirme sózligi"nde bolsa, psixologizm "ruwxıy hádiyselerdi tereń súwretlewge, tereń psixologiyalıq analizge beyimlilik" dep túsindirilip [5: 1168], D.N.Ushakovtıń konsepciyasın basshılıqqa alǵanlıǵın kóremiz. Atap ótilgen sózliklerdegi túsindirmeler de kórkem psixologizmniń anıq mazmunın ashıp beriw

ushın jeterli emestey seziledi hám kópshiliginde D.N.Ushakov, V.I.Chernishevtiń pikirlerin qaytalanǵanlıǵı kórinip tur.

XX ásirdiń 60-70-jıllarına kelip ǵana, ilimiylik hám konkretlikke jaqın terminler hám túsindirmeler usınıs etildi. S.G.Bocharov, B.I.Bursov, M.B.Xrapchenko, L.I.Ginzburglardıń izertlewlerinde kórkem psixologizmge ilimiy-teoriyalıq anıqlamalar berildi. B.I.Bursov kórkem psixologizmdi jazıwshı tárepinen shaxs ishki strukturasınıń tolıq qayta tikleniwi [6:152] dep túsindirse, L.I.Ginzburg insandı, onıń kewil dúnyasındaǵı qarama-qarsılıqları, tereńlikler, sezimleri arqalı analizlewdi [7:448], psixologizm dep bahalaydı. Biraq bul anıqlamalarda da empirikalıq xarakter basım boldı.

Psixologizm máselesin teoriyalıq jaqtan úyreniw A.Iezuitovtıń 1970-jılı járiyalanǵan "Estetika hám ádebiyatta psixologizm máselesi" maqalasınan baslandı. Ilimpaz psixologizmniń mánisin ashıp beretuǵın úsh túrli princip kórsetse [8], al professor V.V.Kompaneec 1974-jılǵı maqalasında psixologizm menen psixologiyalıq analizdi bir-birinen ajıratadı [9]. Bunnan soń ukrain ilimpazları – M.P.Kodak, V.V.Fashenkolar Kompaneec penen birdey pikirde boldı. Biraq bul maqala hám izertlewler kórkem psixologizmniń anıq teoriyalıq túsindirmesin ashıp beriw ushın ele az edi.

Kórkem psixologizmniń ádebiyattanıwdaǵı túsinik hám kategoriyalar sistemasındaǵı ornın anıqlaw procesi A.B.Esin izertlewlerinen baslap konkretlesti, dep kórsetiw orınlı. Óytkeni kórkem psixologizm termininiń ilimiy-teoriyalıq túsindirmesi A.B.Esin tárepinen usınıldı. Ilimpaz "psixologizm – bul kórkem ádebiyat quralları járdeminde qaharman ishki álemin: onıń pikirleri, keshirmeleri, qálewleri, emocional halatları hám basqaların súwretlewdi, súwretlegende de tolıq hám tereńleskenligi menen ajıralıp turıw kózqarasınan kórsetiw" [10:83], dep táriypleydi. Bunnan tısqarı Esinniń kórsetiwinshe, psixologizm "kórkem formanıń sıpatın ózinde jámleydi hám shıǵarmanıń stillik dominantası bola aladı" [10:179].

Sonday-aq ilimpaz psixologizmniń keń hám tar mánileri bar ekenligin atap ótip, keń mánide insan ómirin ashıp beriwshi hám xarakterin súwretlep beriwshi barlıq kórkem óner túrleriniń qásiyeti dep túsindirse, tar mánide insannıń ishki álemindegi ómir hám turmıslıq processlerdiń kórkem súwretleniwi dep túsindiredi [10:10]. A.B.Esinniń kórkem psixologizm hám onıń teoriyalıq principleri haqqındaǵı pikirleri búgingi processtegi izertlewler hám koncepciyalardıń basım kópshiliginiń negizi esaplanadı.

Ózbek ádebiyattanıwına kórkem psixologizm máselesi ótken ásirdiń ortalarında kirip keldi. Terminlik atama kózqarasınan eki túrli jantasıw qáliplesken. Yaǵnıy birqatar ilimpazlar kórkem psixologizm terminin qollansa, basqaları sintezlep "ruwxıyat" degen termindi ilimiy aylanısqa alıp keliwdi maqul kóredi [11]. Olar kórkem psixologizmniń kategoriyaların da ("psixologiyalıq analiz" – "ruwxıyat analizi", "psixologiyalıq súwretlew" – "ruwxıyat súwretleniwi" h.t.b) usı sóz benen ataǵan. Bunnan basqa "ishki dúnya súwreti", "ruwxıy dúnya súwretleniwi", "ishki ómir súwretleniwi" [12] sıyaqlı variantlar da bar.

**Nátiyjeler.** Bizińshe, internacionallıq terminologiyalıq princip hám ólshemlerdi esapqa alıp, "kórkem psixologizm", onıń kategoriyaların: "psixologiyalıq analiz", "psixologiyalıq súwretlew" degen terminler menen ataw orınlı. Óytkeni, insannıń ishki dúnyasın ashıw, onıń shiyelenisken túyinlerin sheshiw eki ilimniń: ádebiyat hám psixologiyanıń obyekti sanaladı. Biri kórkem súwretlew arqalı bul wazıypanı atqarsa, ekinshisi ámeliy eksperiment kórinisinde ortaǵa shıǵadı. "Psixologiyalıq súwretlew" jazıwshı yamasa shayırdıń qaharmannıń ishki psixologiyasına kirip, onı tereń hám bir pútin kóriniste ashıp beriw usılı bolsa, al "psixologiyalıq analiz" insan psixikası processlerin, onıń pikir hám sezimindegi túrlishe liniyalardıń rawajlanıwın sáwlelendiriwshi, qaharmannıń ishki ruwxıy dúnyasın ashıp beriwshi kórkem estetikalıq, quramalı kategoriya sanaladı. Biraq "psixoanaliz" terminin "psixologiyalıq analiz"diń qısqartpası kórinisinde aralas qollanıwǵa bolmaydı. Sebebi, bul sóz avstriyalı vrach-psixoterapevt Z.Freyd tiykar salǵan teoriyalıq kózqaraslar sistemasın ańlatadı. Ol óz aldına psixiatriya menen analitikalıq psixologiyanıń teoriyası hám terapiya usılı esaplanadı.

**Dodalaw.** Qaraqalpaq ádebiyattanıw iliminde kórkem psixologizm termini qollanılǵanı menen oǵan anıq teoriyalıq anıqlamalar berilmegen. Usı waqıtqa shekem rus hám ózbek ádebiyattanıwında qáliplesken pikirlerge tayanǵan halda ádebiy shıǵarmaǵa psixologiyalıq kózqarastan analiz islengen. Qaraqalpaq prozasında kórkem psixologiyalıq súwretlew usıllarınıń ayırım belgileri XX ásirdiń 30-jıllarında payda bolǵan shıǵarmalarda kórinse, al 50-60-jıllarǵa kelip bul rawajlanıw jolına tústi, dep kórsetiledi [13]. Ásirese, povest janrı kórkem shıǵarmadaǵı psixologiyalıq pafostı sáwlelendiriw ushın eń qolaylı janr boldı. Akademik M.Nurmuhammedov 1960-70-jıllarda dóretilgen povestlerdi kórkem psixologiyalıq prozanıń baslanıwı dep kórsetedi [14]. 1980-jıllarǵa kelip kórkem shıǵarmalardaǵı psixologizm máselesi arnawlı izertlew obyekti etip alınadı. S.Bahadırova, J.Narımbetov, Z.Nasrullaeva, Q.Sultanov, P.Nurjanov, Z.Bekbergenovalar óziniń qaraqalpaq prozası haqqındaǵı ilimiy izlenis hám maqalalarında psixologizmniń kórinisleri hám prozanı janrlıq-strukturalıq jaqtan qalay bayıtqanlıǵı haqqında pikirlerin bildirdi.

Kórkem shıǵarmalardaǵı psixologizm máselesin tereńirek úyreniw ilimpaz J.Esenovtıń "Sheberliktiń sırları" monografiyasında (Nókis, 1986) tereńlesti. Izertlewshi kórkem psixologiyalıq súwretlew usılları hám onıń qaharman psixologiyasına tásiri boyınsha, sonday-aq konflikt hám kompoziciya jaratıwdaǵı ornı haqqında pikirlerin bildirdi. Monografiyada liriko-psixologiya, kórkem psixologiyalıq súwretlew hám usılları, subyektiv psixologiyalıq princip sıyaqlı terminler qollanıladı. Ilimpaz bul terminlerge anıqlamalar keltirmegeni menen, olardıń kórkem psixologizmniń kategoriyaları ekenligin ańlaǵanın kóremiz.

Sońǵı jıllarda J.Qaniyazova hám J.Saǵiydullaevalardıń miynetleri kórkem psixologizm máselesin xarakter hám stil kózqarasınan úyrengen jumıslar bolıp qalmaqta. Ilimpaz J.Qaniyazovanıń "Sh.Seyitov romanlarında qaharman xarakterin jaratıw sheberligi" [15] atlı monografiyasında jazıwshınıń "Xalqabad" romanı mısalında kórkem psixologiyalıq súwretlew usılların qollanıwda jazıwshınıń sheberligi haqqında pikirlerin bildiredi. Qaharman xarakterin jaratıwda, onıń sociallıq ortalıq yamasa jámiyet penen qatnasların kórkem ashıp beriwde kórkem psixologiyalıq usıllardıń ornın úyrenedi. Kórkem psixologizm – insan ruwxıyatın ańlaw, analizlew nátiyjesi bolıp, kórkem shıǵarmada sáwlelengen ruwxıy halatlardıń

súwretleniwi, jazıwshınıń psixologiyalıq analizleriniń tikkeley jemisi ekenligin atap kórsetedi. Al, J.Saǵiydulleva 1980-jıllardaǵı povestlerdiń mısalında [16] qaharman psixologiyasın beriliwi usılları hám olardıń avtordıń stillik ózgesheliklerin anıqlawdaǵı ornı haqqında pikirlerin bildiredi. Qaharman psixologiyasınıń bayanlaw tipologiyası menen qalay bir baǵıtta alıp barılıwı kerekligi túrli jazıwshılardıń povestleri tiykarında túsindiriledi.

Belgili bolǵanınday, bul ilimiy miynetlerdiń basım kópshiligi izertlew obyekti hám subyektine bola, salıstırmalı-tipologiyalıq hám strukturalıq analiz tiykarında jazılǵan. Kórkem psixologizmniń teoriyalıq ózgeshelikleri, princip hám kategoriyaları haqqında pikirler az.

Kórkem psixologizmniń maqseti – qaharmannıń sırtqı háreketlerin emes, al sol háreketlerdiń kelip shıǵıwına sebep bolǵan ishki túrtkini ashıp beriw. Jazıwshı oqıwshıǵa qaharmannıń ne islep atırǵanın ǵana emes, neni sezinip atırǵanın túsindiriwge háreket etedi. Ádebiyatta psixologizm tiykarınan eki túrli psixologiyalıq analiz kategoriyası menen beriledi: birinshisi, ishki forma bolıp, qaharmannıń ishki dúnyası onıń óz tili menen (monolog, tús kóriw, kúndelikler) beriledi. Avtor qaharmannıń dúnyasına “ishten” qaraydı. Ekinshisi, sırtqı forma: qaharmannıń ruwxıy halatı, onıń sırtqı belgileri (júz belgileri, mimika, jestler, dawıs ırǵaǵı, kiyiniwi, sırtqı faktorlar nátiyjesinde payda bolǵan dene jaraqatları h.t.b) arqalı súwretlenedi. Máselen, qaharmannıń qabaǵı ushıwı, gijiniwi onıń ashıwlanıp turǵanlıǵınan dárek beredi.

**Juwmaq.** Insan ishki dúnyasınıń avtor tayanatuǵın túsinikler, onıń shaxs haqqındaǵı pikirleri hám kommunikativ strategiyası menen shártlengen kórkem, obrazlı túrde qayta tikleniwi hám dóretiwshilik qatnas tiykarında qayta isleniwi quramalı qubılıs bolǵanlıqtan, kórkem psixologizmniń teoriyalıq tiykarların tártiplestirip, onıń terminologiyalıq túsindirmesin anıqlap alıw kerek. Bul bolsa, ádebiyattanıw iliminde kórkem psixologizm, onıń princip hám kategoriyaları haqqında ilimiy izertlewlerdiń ele de kóbirek alıp barılıw zárúrligin payda etedi.

## Ádebiyatlar


1. Храпченко М.Б. Художественное творчество, действительность, человек: Монография. – Москва: «Советский писатель», 1976.
2. Скафтымов А.П. О психологизме в творчестве Стендаля и Толстого. // Нравственные искания русских писателей: статьи и исследования о русских классиках; сост. Е.И.Покусаева. – Москва: Художественная литература, 1972. – С. 165-181.
3. Толковый словарь русского языка: в 3 томах., ред. Д.Н.Ушаков. – Москва: «Вече», Мир книги, 2001.
4. Словарь современного русского литературного языка: в 17 т.; Т 11. гл.ред. В.И.Чернышев. – Москва: Издательство АН СССР, 1960.
5. Современный толковый словарь русского языка: в 3 томах.; ред. Т.Ф.Ефремова. – Москва: АСТ, 2006.
6. Бурсов Б.И. Лев Толстой и русский роман. – Москва.: Издательство АН СССР, 1963.
7. Гинзбург Л.Я. О психологической прозе. – Ленинград: «Художественная литература», 1977.
8. Иезуитов А.Н. Проблемы психологизма в эстетике и литературе. // Проблемы психологизма в советской литературе. – Л.: 1970. – С. 38-59.
9. Компанеец В.В. Художественный психологизм как проблема исследования. // Русская литература, 1974, №1. – С. 46-60.
10. Есин А.Б. Принципы и приемы анализа литературного произведения: Учебное пособие. – Москва: «Флинта», 2003.
11. Умуров Ҳ. Адабиёт назарияси. – Тошкент: «Шарқ», 2002.
12. Имомова Г. Руҳий изтироблар. – Тошкент: «Ёзувчи», 1992.
13. Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары. (Ҳәзирги қарақалпақ повестьлеринде көркем психологизм проблемасы). – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986.
14. Нурмухаммедов М.К. Ҳәзирги қарақалпақ прозасының гейпара актуал проблемалары. – Қарақалпақ әдебиятының мәселелери. 1-китап. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1975.
15. Qaniyazova J.O. Sh.Seyitov romanlarında qaharman xarakterin jaratıw sheberligi. (“Xalqabad” roman-tetralogiyası mısalında). Monografiya. – Toshkent. 2023.
16. Сағыйдуллаева Ж. Қарақалпақ повестьлеринде стильлик изленислер.(1980-жыллар), Монография. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2020.